



NATIONS UNIES
DROITS DE L'HOMME
HAUT-COMMISSARIAT

Bay tèt yo jistis

**Moun ap bay tèt yo jistis nan peyi Dayiti
epi enpinite ap taye banda**

— Rezime —

Janvyè 2017

Rezime

1. Seksyon dwa moun MINISTA / Biwo Wo komisarya Nasyon Zini pou dwa moun prepare rapò sa a pou montre epi chache konprann pou kisa nan peyi Dayiti popilasyon an konn bay tèt li jistis, yo rele li tou brigad vijilans oubyen lapide. Se premye rapò ki fèt sou sijè sa a.
2. Zak sa yo kote popilasyon bay tèt li jistis se yon gwo tèt chaje pou seksyon dwa moun nan peyi Dayiti. Lè nou gade estatistik yo ak ka seksyon an te swiv nan dènye ane sa yo, nou ka wè se yon lè konsa lajistis te mennen yon ankèt sou mòd zak sa yo alewè pou ta gen kondanasyon. Lè nou gade rapò MINISTA yo, sou 483 zak kote popilasyon an bay osnon manke bay tèt li jistis soti lane 2012 pou rive 2015, se 59 arestasyon ki fèt sèlman. Seksyon dwa moun nan konnen yon sèl ka kote te gen kondanasyon aprè popilasyon an te bay tèt li jistis. Kwaze bra sa a, tolerans ajan leta yo lè gen krim grav sa yo se yon vyolasyon dwa lavi jan sa garanti nan trete entènasyonal peyi Dayiti ratifye yo epi tou lalwa Peyi a proteje.
3. Popilasyon di rezon prensipal ki fè li bay tèt li jistis se paske li pa kwè nan lapolis ak lajistis epi tou yo gen gwo kè sote pou moun ki te fè krim yo pa jije epi osnon pa rete nan prizon. Santiman sa a se paske otorite lapolis ak lajistis manke pran responsabilite yo pou mennen bon jan ankèt, arete epi pini krim ki fèt yo. Gen kèk moun ki fè tèt yo passe pou otorite sa yo pou yo ka bay jistis nan fason pa yo. Otorite yo manke mwayen pou fè prevansyon epi lite chak fwa popilasyon an vle bay tèt li jistis, sa ki vinn ranfòse fenomèn sa epi voye siyal pou montre ke zak sa yo tout moun aksepte yo.
4. Lè nap analize rapò ki disponib yo, sa montre pi fò zak kote popilasyon an bay tèt li jistis fèt nan vil kote ki gen plis polisye epi tou kote gen plis moun kap viv. Konsa tou, lè nap gade kantite moun ki nan prizon nou ka wè pi fò se pou vòl, ki se yon krim moun yo di se premye rezon ki fè yo bay tèt yo jistis.
5. Nan yon peyi kote kriminalite a ba, fenomèn moun kap bay tèt yo jistis reprezante 15% moun ki mouri, sa ta dwe bay otorite yo gwo tèt chaje. Si yo pa ka bay Leta responsab pou chak krim ki fèt nan peyi a, li gen pou piti obligasyon pou pran bon jan mezi oubyen pou fè tout sa ki posib pou evite move zak sa yo, menen bon jan ankèt sou yo, pini moun ki fè yo epi bay viktim yo jistis. SDH la wè Leta pa pran bon jan mezi sa yo, sa vinn fè li pa respekte obligasyon li genyen pou pwoteje.
6. Yon pi bon etid de zak sa yo ta enpòtan epi ka ede nou konprann li epi gade ki mwayen pou nou ka lite kont sa.